



Pou Piblikasyon Imedya: 29/01/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ENTÈDI REMÒKÈ TRAKTÈ AK BIS NAN PLIZYÈ OTOWOUT  
REJYON NÒ ETA A OFIRAMEZI NÈJ AK TANPERATI KI FRÈT ANPIL AP  
AVANSE NAN ETA A**

***Pifò Zòn nan Rejyon Nò New York Pral Resevwa Plizyè Pous Nèj Rive Mèkredi;  
Zòn ki Nan Efè Lak Pèsistan Gendwa Fè Eksperyans Plizyè Pye Nèj Rive  
Vandredi Maten***

***Van Frèt ki Desann Jiska 30 Degre Anba Zewo Pral Pote Kondisyon K ap Menase  
Vi***

***N ap Atann Kondisyon Vwayaj Difisil Akoz Nèj K ap Soufle ansanm ak Tanperati  
Glase***

***Yo te aktive Sant Operasyon Ijans Eta nan nivo 3***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodia ke remòkè traktè ak bis komèsyal pral entèdi sou kèk otowout nan Western New York kòmanse apati 8è aswè a ak yon pòsyon nan koridò Interstate 81 apati Mèkredi a midi ofiramezi pil nèj ak tanperati glase ke y ap atann pou afekte plizyè pati eta a depi kòmansman aprèmidi a rive jiska Mèkredi maten. Pifò zòn ki sou chemen tanpèt la pral wè 6 ak 8 pye nèj, ekspepte zòn ki nòmalmen fè eksperyans nèj efè lak, tankou sid Konte Erie, Chautauqua Ridge ak Rejyon Lwès New York, ansanm ak Tug Hill Plateau nan Rejyon Nò New York ki gendwa wè gwo kantite nèj rive Vandredi maten.

Ofiramezi move tan an ap diminye, yon vòtèks polè k ap deplase soti nan nò pral pote anpil van frèt danjere Madi swa epi pral kontinye rive Jedi. Vwayaj pral difisil atravè kondisyon tan difisil sa yo k ap menase pou afekte depasman pandan maten ak lannwit. Nèj k ap soufle ak tanperati glase a pral prèske rive nan kondisyon bliza. Nouyòkè yo ta dwe vwayaje sèlman si sa nesèsè.

Gouvènè Cuomo te bay lòd pou yo aktive Sant Operasyon Ijans (Emergency Operations Center, EOC) Eta yo nan Nivo 3 pou yo ka prepare pou epi asiste avèk nenpòt aktivite repons ijans potansyèl.

“Ak move tan sa yo k ap deplase atravè eta a, m ap ankouraje tout Nouyòkè pou pran prekosyon nesèsè ak prepare pou tanperati ekstrèm n ap atann nan pwochen kèlke jou yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Chofè yo pa ta dwe kondui sou wout yo sof si li absoliman nesèsè, epi rezidan yo ta dwe limite tan y ap pase deyò pandan dire van frèt danjere sa yo. Ajans eta yo prepare pou asiste kominote lokal yo ak ofisyèl ijans yo jan sa nesèsè.”

Apati 8è aswè a, y ap entèdi remòkè traktè ak bis komèsyal sou Thruway Eta New York depi Exit 46 (Rochester I-390) rive nan fwontyè Pennsylvania ansanm ak Interstate 190, Interstate 290, State Route 400, U.S Route 219 soti Peters Road rive Interstate 90; ak State Route 5 soti nan State Route 179 rive I-190.

Apati midi Mèkredi, remòkè traktè ak bis komèsyal ap entèdi sou Interstate 81 depi Fwontyè Kanadyen an rive State Route 104.

Entèdiksyon an ap rete pandan tout dire tanpèt la.

Yo prevwa Rejyon Kapital, New York Santral, Mid-Hudson, Mohawk Valley, North Country, ak Southern Tier la pral resevwa ant kèk pou rive jiska sis pye nèj rive Mèkredi maten. Nèj efè lak pral devlope sou Buffalo Metro ak Northtowns nan fen aprèmidi Madi, epi answit li prale nan sid Mèkredi. Zòn nò Chautauqua Ridge nan Rejyon Lwès New York ak yon pati nan Tug Hill Plateau nan North Country New York gendwa wè rive jiska de pye oswa plis efè nèj rive Jedi.

Apati Madi swa, you kout lè Aktik pral pote tanperati glase danjere nan eta a. Yo prevwa tanperati pandan lajounen yo ap desann nan yon sèl chif oswa nan dizèn, kote tanperati ki pi ba pandan lannwit yo ap mwens ke zewo nan plizyè zòn. Konbine ak kout van yo, tanperati frèt la pral pote van frèt glase k ap pi ba pase 30 degre anba zewo nan kèk kote.

Moun New York ta dwe prete yon atansyon espesyal ak rapò tan yo pou rete ajou ak dènye enfòmasyon yo. Anplis, Sèvis Metewo Nasyonal la (National Weather Service) te deja pibliye siveyans, avètisman ak avi meteyo pou inondasyon ak klima ivènal yo pou plizyè diferan zòn nan eta a. Pou kapab jwenn yon lis konplè sou alèt, avètisman, konsèy ak dènye previzyon metewo yo, vizite [sit entènèt](#) Sèvis Metewo Nasyonal lokal ou a.

## **Preparasyon Ajans**

### Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo (Division of Homeland Security and Emergency Services)

Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo pral kowòdone ansanm ak ajans eta yo ak gouvènman lokal yo pou asire ke resous k ap soti nan dis rezèv rejyonal Eta a yo disponib pou deplwaman pandan dire evènman tanpèt la. Anplwaye EOC Eta a yo ak pèsonèl rejyonal yo prè pou yo reponn a nenpòt pwoblèm jan sa nesèsè.

### Depatman Transpò (Department of Transportation)

Depatman Transpò Eta a prè pou yo reponn avèk 1,598 gwo kamyon chasnèj, ki gen ladan 98 kamyon derezèv. Depatman an gen 51 gwo kamyon chari remòkaj, 326 gwo chajè, 39 souflez anèj, 19 nivelez, 203 pikòp mwayen ak pikòp ki gen chari, 34 kamyon semi-remòk, ak 369,424 tòn sèl ki disponib. Yo pral deplwaye ekipman sa a, ansanm avèk prèske 3,900 operatè ak sipèvizè, toupatou nan eta a jan sa nesèsè alavans tanpèt ivènal yo pou ede pwoteje wout yo.

Anplis de sa, yo te deplwaye 35 gwo kamyon chasnèj, de souflèz nèj, 70 operatè, sis enstriktè operatè ekipman, 10 sipèvizè, uit mekanisyen, de sipèvizè mekanisyen, ak de anplwaye sipò Sistèm Kòmand Ensidan (Incident Command System, ICS) soti nan rejyon lakay yo pou ale nan lòt rejyon yo nan fason ki annapre a:

- **Mohawk Valley:** Rejyon an ap resevwa dis gwo kamyon chasnèj, 10 operatè ak de sipèvizè k ap soti Long Island.
- **New York Santral:** Rejyon an ap resevwa senk gwo kamyon chasnèj, 10 operatè, de mekanisyon ak de sipèvizè k ap soti Southern Tier; de mekanisyon k ap soti nan Rejyon Mid-Hudson lan; kat mekanisyon ak yon sipèvizè k ap soti Long Island; ak yon sipèvizè k ap soti nan Rejyon Kapital la.
- **Rejyon Lwès New York:** Rejyon an ap resevwa 11 gwo kamyon chasnèj, 22 operatè ak yon sipèvizè k ap soti nan rejyon Finger Lakes; kat gwo kamyon chasnèj, uit operatè ak yon sipèvizè k ap soti nan rejyon Southern Tier; yon souflèz nèj k ap soti nan Rejyon Mid-Hudson lan; yon enstriktè operatè ekipman k ap soti nan rejyon Finger Lakes; yon enstriktè operatè ekipman k ap soti nan rejyon Southern Tier; ak yon manm anplwaye sipò ICS k ap soti nan Rejyon Kapital la.
- **North Country:** Rejyon an ap resevwa 10 gwo kamyon chasnèj, 20 operatè, yon souflèz nèj ak kat sipèvizè k ap soti nan Long Island; ak yon manm anplwaye sipò ICS k ap soti nan Rejyon Kapital la.
- **Mid-Hudson Valley:** Rejyon an ap resevwa de enstriktè operatè ekipman k ap soti Long Island ak de enstriktè operatè ekipman k ap soti Southern Tier.

Yo ap raple otomobilis yo pou yo verifye [511NY](#) anvan yo vwayaje oswa pou yo telechaje [aplikasyon mobil la](#). Sèvis gratis la pèmèt itilizatè yo verifye kondisyon wout yo epi li gen yon sistèm alèt pou depasman pandan ivè a ki gen rapò an tan reyèl pou vwayajè ak yon kat avèk kòd koulè ki endike ki wout nan eta a ki lib, mouye oswa kouvri avèk lanèj. Sistèm nan ofri otomobilis yo yon resous itil pou detèmine si se yon bon lide pou deplase.

Resaman, Gouvènè a te anonse tou ke Depatman Transpò Eta a te lanse yon nouvo kanpay sansibilizasyon piblik pou pwomouvwa fason pou moun kondi avèk prekosyon nan kondisyon ivènal yo. Yon nouvo [sitwèb](#), videyo ak kanpay rezo sosyo yo pral ankouraje otomobilis yo kondi avèk prekosyon nan kondisyon nèj ak glas yo, epi l ap vrèman ankouraje chofè yo pou yo bay chasnèj yo ase espas pou yo ka fonksyone yo an tout sekirite.

#### Otorite Thruway (Thruway Authority)

Otorite Thruway a gen plis pase 669 sipèvizè ak operatè ki prè pou deplwaye 244 gwo chas nèj, 126 chas nèj mwayen ak 11 charyo remòkè ak 58 chajè toupatou atravè eta a ak plis pase 107,000 tòn sèl pou wout yo ki disponib sou plas. Divizyon Buffalo te resevwa sis gwo chasnèj anplis, yon remòk chasnèj, yon souflèz ak yon gwo chajè pou asiste nan operasyon nèj yo. Yo itilize Pano pou Mesaj Varyab (Variable Message Signs), Anons Radyo sou Otowout la (Highway Advisory Radio) ak rezo sosyal yo pou avèti otomobilis yo sou kondisyon move tan pandan yo sou otowout Thruway yo.

Otorite Thruway ankouraje otomobilis yo telechaje aplikasyon mobil li yo, ki disponib pou download gratis sou aparèy [iPhone](#) ak [Android](#). Aplikasyon an bay otomobilis yo enfòmasyon sou sikilasyon an nan tan reyèl, ansanm avèk asistans navigasyon pandan yo sou wout. Otomobilis yo ka enskri tou pou yo resevwa [imèl TRANSalert](#) k ap bay dènye enfòmasyon sou kondisyon sikilasyon sou Thruway a. Pou tout dènye enfòmasyon yo an tan reyèl, otomobilis yo ka suiv nou sou Twitter nan [@ThruwayTraffic](#) oswa lè yo vizite [www.thruway.ny.gov](http://www.thruway.ny.gov) pou yo wè yon kat anime k ap

montre kondisyon sikilasyon an sou otowout Thruway, ansanm avèk lòt wout Eta New York yo.

#### Depatman Sèvis Piblik (Department of Public Service)

Depatman Sèvis Piblik an kontak ak chèf egzekitif sèvis piblik pou asire ke sèvis piblik yo pare pou move tan, epi li pral suiv ak atansyon efò k ap fèt pou prepare tanpèt pou asire ke sèvis piblik yo pare pou minimize enteripsyon e fè reparasyon rapid. Sèvis piblik elektrik ak gaz yo, ansanm ak founisè sèvis telekominikasyon yo, tankou Verizon, ap swiv devlopman tanpèt la depre epi yo prè pou rele pèsonèl adisyonèl pou minimize enteripsyon sèvis yo, si sa ta rive.

Sèvis Piblik yo pare pou yo reponn 24 sou 24 lè gen pàn kouran epi yo egzije yo pou yo mete yon plan repons ijans sou pye, lè sa nesesè, ki gen ladan voye mesaj apwopriye pou yo alète kliyan sou previzyon tanperati glasyal yo ansanm ak kontakte kliyan ki sou ekipman reyanimasyon yo ak lòt kliyan ki nan eta frajil yo. Pèsonèl nan Depatman an pral kontiye sipèvize efò sèvis piblik yo pandan evènman tanpèt la.

Konpayi gaz ak elektrisite ka bay kliyan enfòmasyon sou siklòn ak sekirite ouben kliyan ka rele Sant Dapèl Depatman an pou jwenn enfòmasyon. Ou ka rele Liy Asistans PSC a nan 1-800-342-3377.

#### Lapolis Eta New York (New York State Police)

Lapolis Eta New York la pare pou ogmante patwouy adisyonèl nan zòn ki afekte yo a 20 pousan epi pare pou deplwaye patwouy anplis pandan tanpèt la jan sa nesesè. Yo pral deplwaye tout veyikil patwouy kat pa kat yo epi tout veyikil espesyalite yo, ki gen ladan yo motonèj ak Veyikil Sèvis Piblik yo, deja an pozisyon epi yo pare pou deplwaman.

#### Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikape an (Office of Temporary and Disability Assistance)

Ak tanpèt k ap vini epi tanperati ki ekstrèmman frèt yo atann pandan plizyè pwochen jou, yon Kòd Ble gen chans pou l anvigè atravè pifò eta a. Lè tanperati lè a rive nan oubyen pi ba pase 32 degre Farenayt, sa enkli refwadisman ewolyen, distri sèvis sosyal lokal dwe pran mezi ki nesesè pou asire endividi ki sanzabri gen aksè a lojman, epi yo pwolonje orè lojman yo, nan kad regleman Kòd Ble eta a.

#### Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation)

Ofisye Lapolis Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal yo, Gad Forè yo, anplwaye Jesyon Ijans yo, ak anplwaye rejonan yo an eta dalèt epi yo ap siveye sityasyon ki ap devlope a epi yo aktivman ap fè patwouy nan zòn kote li pwobab pou tanpèt la afekte a yo. Tout resous ki disponib yo, ki gen ladan motonèj yo, ak veyikil sèvis piblik yo, prè pou yo ede nan nenpòt repons ijans.

#### Otorite Enèji New York la (New York Power Authority, NYPA) ak Canal Corporation

Otorite Enèji New York la kontinye ap siveye kondisyon yo epi yo rete an kontak dirèk ak fonksyonè jesyon ijans yo. NYPA ap travay ak Niagara River Control ak Ontario Power Generation pou reponn ak bezwen kouran epi atenyè blogaj nèj potansyèl. Brizè glas te kontinye travay nèt ale tou pre antre Pwojè Elektrisite Niagara NYPA a pou ede dlo a kontinye koule nan etablisman idwoelektrik la, pi gwo santral elektrik New York.

New York State Canal Corporation, ki se yon filyè NYPA, kontinye rete an kominikasyon ak antite enèji idwo-elektrik ki sou Sistèm Kanal eta a yo konsènan chanjman yo ak kondisyon yo ansanm ak danje k ap devlope yo atravè piblikasyon. Canal Corporation te pran aksyon prevantif nan tout eta a pou diminye enpak inondasyon potansyèl atravè sistèm lan epi staf yo ap siveye depre lokal blokaj glas rekoni yo, sa enkli lokal yo rekonèt olon Rivyè Mohawk.

Canal Corporation gen yon kontraktè ki disponib pou voye nan Ekliz 8-10 Kanal Erie nan konte Schenectady ak Montgomery pou retire blòk glas ki akimile ki kole ak ekliz yo si sa te vini rive.

### **Vwayaje ansekirite**

Men kèk nan konsèy ki pi enpòtan yo pou woule ansekirite:

- Lè tanpèt ivè yo rive, pa woule si li pa vrèman nesèsè.
- Pran prekosyon sou pon yo poutèt glas kapab fòme la pi vit pase sou wout yo.
- Fèy mouye yo sou wout yo kapab lakòz atè a glise, sa ki fè li enpòtan pou kondui pi dousman lè w ap pwoche kote ki kouvri ak fèy yo.
- Si ou dwe vwayaje, asire w ke otomobil ou gen materyèl pou siviv tankou lenn, yon pèl, flash ak pil anplis, rad cho anplis, yon pè chèn pou kawotchou, kab boustè pou batri, manje ki bay enèji rapid ak rad ki gen koulè klere pou sèvi kòm drapo detrès.
- Si ou gen telefòn selilè oswa lòt aparèy kominikasyon tankou yon wòki tòki disponib pou w sèvi, kenbe batri a chaje epi kenbe l avè w tout lè w ap vwayaje. Si w ta vin bloke, wap kapab rele pou mande èd, enfòmè sekouris yo sou kote w ye.

Prensipal kòz lanmò ak blesi pandan tanpèt ivè se aksidan transpò. Anvan w chita dèyè volan, pa bliye retire glas ak lanèj ki sou machin ou an; bon vizyon se sekre kondui byen. Planifye arè w yo epi kite plis distans ant machin yo. Pote plis atansyon epi sonje pil nèj yo ka maske timoun ki pi piti yo. Toujou koresponn vitès ou selon kondisyon wout la epi selon tan.

Li enpòtan pou chofè machin yo sou tout wout konnen vitès chas-nèj yo se 56 kilomèt alè, sa ki nan anpil ka pi ba pase limit vitès ki make a, pou yo ka garanti sèl yo simen an rete nan vwa sikilasyon yo epi pa dispèse andeyò wout yo. Anpilfwa sou otowout ant eta yo, chas-nèj yo opere kòtakòt, kòm se fason pi efikas epi ki ofri plis garanti pou netwaye plizyè vwa yon sèl kou.

Chofè machin ak pyeton dwe sonje chofè chas-nèj yo ka wè devan yo sou yon distans limite, epi gwo ak pwa chas-nèj yo ka fè l difisil pou manevre epi frennen touswit. Nèj chas-nèj la ap soufle dèyè li ka diminye vizibilite anpil oubyen kreye yon vwal blan. Chofè machin yo pa ta dwe eseye double chas-nèj yo, ni swiv yo twò pre. Kote ki gen plis sekirite pou chofè machin yo woule se lwen dèyè chas-nèj yo, kote wout la klè epi gen sèl sou li.

### **Sekirite nan Tan Frèt Ekstrèm yo**

Abiye pou Sezon an

- Me plizyè rad ki lach, lejè, epi cho ki gen plizyè kouch. Lè ki bloke nan mitan kouch yo aji kòm yon izolan. Ou kapab retire nan kouch yo pou evite

transpirasyon ak refwadisman annapre. Rad deyò yo ta dwe gen may se, yo ta dwe enpèmeyab epi yo ta dwe gen kapichon.

- Toujou mete yon chapo oswa kaskèt nan tèt ou pliske ou kapab pèdi mwatye chalè kò ou si ou pa kouvri tèt ou.
- Kouvri bouch ou avèk yon foula pou pwoteje poumon ou kont gwo fredri a.
- Mitèn, ki byen kouvri ponyèt pi bon pase gan paske dwèt yo kenbe plis chalè lè yo kole youn ak lòt.

### Ipotèmi

Ekspozisyon pwolonje a tanperati ki frèt yo ka lakòz ipotèmi, espesyalman lakay timoun ak granmoun aje yo. Siveye sentom sa yo:

- Enkapasite pou moun nan konsantre
- Move kowòdinasyon
- Movèz Atikilasyon
- Somnolans
- Fatig
- Frisònman enkontwolab, ak yon mank frisònman soudan ki vini apre

Si tanperati kò yon moun desann anba 95 degre Fahrenheit, chèche swen ijans medikal touswit. Retire rad mouye, vlope viktim lan nan yon kouvrelè ki cho, epi bay likid ki pa gen alkòl, kafeyin jiskaske li jwenn èd.

### Jeli (Frostbite)

Moun ki ap travay oswa jwe deyò yo pandan sezon ivè a ka devlope blesi jèli epi pa menm konnen sa. Pa gen pèn ki asosye ak estaj prekòs blesi jèli yo, kidonk aprann siveye siy danje sa yo:

- Premyèman, ou ka santi po a ensansib epi vin irite. Apre sa li vin blan oswa yon koulè gri-jòn. Ou ka santi po ki gen blesi jèli yo frèt lè ou manyen li.
- Si ou sispèk yon blesi jèli, deplase viktim nan pou ale nan yon kote ki cho. Kouvri zòn ki afekte a ak yon bagay ki cho epi sèch. Pa janm fwote li!
- Apre sa ale kay doktè oswa lopital pi rapid posib.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)